



GOVERNOR OF CENTRAL JAVA

"Assalamualaikum Pak Ganjar, nama saya Fajar Jaka Surya asli Petarukan Pemalang siswa baru di SMKN Jateng. Ngapuntene Pak, kemarin sebelum berangkat ke Semarang saya dapat pesan dari ibu, agar mengucapkan terimakasih langsung pada Pak Ganjar. Karena saya diterima sekolah di sini dan semuanya gratis. Seragam, tas, alat tulis, tempat tinggal dan makan semua gratis.

Kulo nggih ngaturaken salam saking ibu kagem panjenengan, Pak. Nyuwun pangestune kagem ibu yang di rumah agar selalu diberi kesehatan dan kelancaran rizki. Ibu saya hanya buruh tenun di Pemalang dan harus merawat nenek, satu kakak yang sakit serta satu adik yang masih SMP. Semoga kelak ketika adik saya lulus SMP juga bisa melanjutkan di SMKN Jateng."

Assalamu alaikum, wr.wb.

Sih, rahmat tentrem rahayu awit nugrahaning Gusti mugi tansah linuberna ing kita sedaya.

Jajaran legislatif, Eksekutif, Yudikatif, TNI/POLRI, para sesepuh Jawi Tengah, Tokoh Masyarakat, Tokoh Agama, Perguruan Tinggi, Tuwin Sedaya Pandherek Upacara Inkgang Bagya Mulya, lan Sederek-sederek kula rakyat Jawi Tengah.

Inkgang kula waosaken kalawau inggih menika serat saking Fajar Jaka Surya, siswa enggal ing SMK negeri Jawa Tengah. Mbok bilih bapak-ibu sampun kathah inkgang pirsasaking postingan ing sosial media. Fajar kintun serat dateng kula minangka amanah saking Ibunipun inkgang kepingin sanget ngaturaken panuwun dhumateng kula. Ibunipun fajar menika sampun piyambakan (*single parent*) kanthi putra pitu, lan nyambut damelipun buruh tenun, blanjnipun tigalikur ewu saben minggunipun.

Salebeting serat dipun andharaken, manawi boten wonten SMK Negeri Jateng, pun Fajar

menika mokal saged nerasaken sekolah. Ing pungkasaning seratipun, Fajar nyuwun dhumateng kula supados ngathahaken bikak SMK kados SMK Negeri Jateng ing saindenging Jawi Tengah.

Dinten menika kula jawab SIAP. Kula badhe nyembadani panyuwunipun Fajar. Mbok bilih boten langsung saged ing Tigang Dasa Gangsal Kab/Kota ing Jateng. Mbok bilih saged 5 rumiyin, mindhak 10, 15 lan salajengipun.

Nanging upaya, ikhtiyar, pambudidaya kangge nyembadani pendidikan ingkang layak tumrap lare-lare saking kulawarga ingkang sekeng kedah enggal kita wiwiti sakmenika.

Wiwit tahun 2020 kula minangka Suhing Pemerintah Provinsi Jawi Tengah ugi badhe nyobi ***nggratisaken*** prabeya pendidikan tumrap siswa miskin SMA/SMK/SLB. Manawi menika ing saindenging Jawi Tengah. Kula siyagakaken **Setunggal Trilyun rupiah** langkung kangge mesthekaken sedaya siswa miskin ing sekolah-sekolah boten katarik bayaran, (mboten mbayar).

Bapak Ibu, Kenging menapa kula kepingin nindakaken?? Kula cariosaken...

Nyuwun pangapunten bilih wekdal punika kula boten pidato, kula nembe kepingin CRITA (carios) kemawon, utawi nguda raos, dipun anggep CURHAT inggih mangga.

Sampun suwidak sanga warsa provinsi ingkang kita tresnani punika ngadek, dados bagian (perangan) Negara Kesatuan Republik Indonesia lan dipun wastani minangka Bentengipun Pancasila. Punika nikmat sarta kanugrahan ingkang luar biasa dados bagian ing lebetipun lan saged sesarengan ngrengkuh bebrayan kalian panjenengan sami.

Bapa-Ibu ingkang kula kurmati, sampun badhe satunggal tahun kula lan Gus Yasin nindakaken amanat saking panjenengan. Kita sampun nggemblengaken tekad kagem mujudaken semboyan: berdaulat ing bab politik, berdikari ing bab ekonomi lan berkepribadian ing bab kabudayan. Gampil???, mboten. Berat???, yo mesti. Nanging, syukur kita mboten nate piyambakan. Wonten Bapa-Ibu sedaya ingkang paring pambiyantu. Mujudaken ngimpi kita

sedaya ndadosaken Jateng saya sejahtera. Gotong-royong minangka inti Pancasila manggih karaharjaning Jateng.

Sepisan malih, makarya sesarengan salebeting bebrayan kalian panjenengan punika saestu ngremenaken. Dipun ajak rembagan sarujuk, menawi wonten perkawis dipun aturaken kanthi blaka suta, kadhang kala ngangge misuh ya rapapa. Menawi wonten pedamelan/ pakaryan purun dipun ajak sambatan sinaosa imbalanipun/ belanjanipun namung cekap dipun segani, utawi cukup diwenehi sega. Wah, pokokipun ngremenaken, ibarate mangan ora mangan, pokoke kudu mangan. Mbuh priipun carane. Nah, tekad "priipun carane" punika ingkang ndamel otak lan raga kita tansah nyambut damel. Mboten wonten ingkang mboten saged, kejawi menawi kita namung mendel kemawon.

Amargi "piye carene" punika kita saged ngrengkuh gegayuhan sami-sami/ sesarengan. Proses bebrayan kita, kanthi penyengkuyungipun 35 (tigang ndoso gangsal) Pangarsa Daerah ing Jateng ngasilaken capaian ingkang dereng kathah ingkang nyatet. Tuladhanipun angka kemiskinan, saking wulan Maret 2014 ngantos Maret 2019

sampun mandap 1.093.220 tiyang. Punika data BPS lho, mboten kula ingkang matur.

Kita ugi sampun saget mujudaken Bandara Ahmad Yani Semarang dados sae sasampunipun ma-taun-taun dados bandara ingkang paling awon ing Indonesia. Kita saged maringi insentif dhumateng guru ngaji, mbangun griya ingkang badhe rubuh dados layak huni, saged andum kabagyan dhumateng para guru honorer SMA/SMK/SLB kanthi gaji sami kalian UMK, saged angsal penghargaan saking KPK, Provinsi ingkang paling sae babagan investasi lan sapiturutipun.

Nanging temtu kemawon taksih kathah PR ingkang kedah dipun rampungaken. Kula mangertos, Bapa-Ibu, taksih kathah lare-lare ingkang kedahipun sekolah malah ngadu nasib wonten ing margi.

Kajawi punika, taksih wonten kemawon pejabat ingkang dipun rangket amargi korupsi. Kados makaten Bapak-Ibu. Kathah ingkang paring saran supados kula mbangun gedung-gedung ingkang ageng magrong-magrong. Ngendikanipun, minangka warisan makaten. Ganjar ki ninggalke apa neng Jawa Tengah?.

Lajeng kula matur, mbangun punapa kemawon ingkang sipatipun fisik, ketingal blegere' punika gampang. Ingkang awrat punika mbangun manungsanipun. Mbangun mental saha karakteripun. Pramila, ing tataran kapisan kula madeg dados Gubernur Jawi Tengah, kula keyakaken/ gregetaken reformasi birokrasi. Mboten pareng malih wonten pejabat ing Pemprov ingkang nampi upeti, sanajan namung awujud parsel, punapa malih potongan proyek. Antikorupsi mboten cekap namung dados tindakan/ lampah ingkang namung sawetawis, nanging kedah dados padatan/ paugeran utawi kebiasaan, budaya. Kula mboten purun, mangkenipun ing wekdal kula sampun mboten dados Gubernur malih, budaya setor proyek, dol tinuku jabatan utawi kintun parsel kedadosan malih.

Semangat kados makaten punika ingkang njurung kula ndamel Pergub Pendidikan Anti-korupsi. Kita sarujuk nglebetaken materi antikorupsi punika wonten ing Kurikulum salebeting Diklat ASN lan sekolah-sekolah.

Pembangunan Sumber Daya Manusia punika dados punjer/ pusat anggen kula makarya ing periode kaping kalih dados Gubernur. Mboten namung ngelmu lan katrampilan kemawon, nanging ugi mental lan spiritual. Mboten cekap nyithak lare-lare pinter nanging ugi dados satria ingkang nggadhahi akhlak luhur sarta semangat kabangsan lan toleransi ingkang inggil.

Nah, dumugi ing mriki kula kemutan Mbah Moen, K.H. Maemoen Zubair. Satunggiling ulama, cendekiawan muslim, saha tokoh kabangsan. Panjenenganipun punika ulama tur ugi nasionalis. Malah, nasionalismenipun Mbah Moen punika wiwit lahir, amargi panjenenganipun punika lahir/ miyos surya kaping 28 Oktober 1928, pas nalika Sumpah Pemuda dipun biawarakaken. Panjenenganipun minangka salah satunggaling tokoh saking sekathahipun tokoh ingkang lantang suwantenipun njagi persatuan NKRI.

Wejangan panjenenganipun ingkang tansah kula emut, Pak saha Bu, wontenipun perbedaan sika plan pamanggih ing tanah air punika mboten prelu dados padudon. Pramila sampun kacathet

lan jumbuh ing hukum Gusti Allah. Perbedaan punika sunatullah. Tokoh kados panjenenganipun punika ingkang ndadosaken Jawa Tengah dados Bentengipun Pancasila. Sinaosa panjenenganipun `alim salebetipun keislaman, nanging panjenenganipun ugi dados panutan tumrap umat agami sanesipun.

Kula ugi kemutan, kala wingi ing Bali, kula wawan rembag kaliyan sopir taksi. Babagan panjenenganipun Mbah Moen ingkang tansah ngrimat kebhinnekaan, njagi katentreman, lan toleransi, kadosta pirsabab mbenjang menapa lan ugi dateng pundi sowan dhumateng ngarsanipun Gusti Allah. "Mbah Moen punika wali, Pak" aturipun sopir taksi ingkang nganut agami Hindu punika. Masyaa Allah.

Bapa-Ibu ingkang kula urmati, mangga kita ngeningaken cipta sawetawis, kita kintunaken Al Fatihah kagem Almarhum Mbah Moen. Al Fatihah...

Bapa lan Ibu ingkang kula kurmati, Ing Ari Tanggap Warsa Jawi Tengah kaping 69 punika, salah satunggalipun PR ingkang kita

emban inggih punika ngrumat kebhinnekaan. Kula kaliyan Gus Yasin mboten wonten menapanipun tanpa panjenengan sedaya. Panjenengan ugi mboten wonten menapanipun tanpa tangga tepalih. Urip iku kudu urup. Piye carane? Inggih menika kanthi ngrimat katentremaning bebrayan.

Wilujeng tanggap warsa. Menawi leres bangsa lan Negari punika merdika, kedahipun mboten wonten ukara "saling memangsa".

"Dheweke, ya aku ing raga liya. Ora bakal luntur mumpangat sinaosa dihujat. Ora bakal nelangsa sinaosa diremehna"

Wassalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh
Semarang, 15 Agustus 2019

GUBERNUR JAWA TENGAH



H. GANJAR PRANOWO, SH. M.IP